ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№87 (23.901) ● 2019 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 23, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● ЩIыуэпс

Адрей щIыналъэхэм я дежкIэ щапхъэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэ Iуэхукlэ къэкIуащ УФ-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Кобылкин Дмитрий.

БЫСЫМХЭМРЭ хьэщIэ лъапIэмрэ япэщIыкIэ щыIащ Шэрэдж щIыналъэм хыхьэ Жэмтхьэлэ Ищхъэрэ къуажэм дэт псыгъэн зыбжанэм къегъащIылIа Iуэхущ1ап1эм.

Кобылкин Дмитрийрэ КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **КIуэкIуэ Казбекрэ** а щIыпIэм къыщIэзрагъэпэща Iуэхущ1ап1эм и ухуэныгъэхэр къаплъыхьащ. Лыщхьэхэм ящIыгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий**, республикэм щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр **Шаваев Ильяс**, Налшык къэрал опытнэ-щакIуэ хозяйствэм (ГООХ) и унафэщ1 **Сыжажэ Хьэсэн** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Республикэм и щакIуэ хозяйствэм, зэрыщыту къатщтэмэ, гектар мин 250-м нэблагъэм зыщIыбгъащ, щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ щIлэ и щIыгум губгъуэ бабыщи мэз джэди къыщагъэхъу фермэрэ инкубатору зыбжанэ итщи, абыхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. ЗэкIэлъхьэужьрэ дзэл дахэхэмкIэ къэхъуурейихьыка псы итыпIэхэр ильэс бжыгъэ ипэкIэ къаугъэIэрэщIэжащ Налшык къэрал опытнэ щакIуэ хозяйствэм (ГООХ) и лэжьакIуэхэм.

ЩакIуэ хозяйствэм и иубыдап1эхэм (вольерхэм) 2019 гъэм и накъыгъэ мазэм япэ дыдэу къыщрагъэшащ Кавказ Ищхъэрэм фIэкIа нэгъуэщI зы щIыпIи узыщIмыхьхьлIэ мэз джэдлъэпкьыгъуэм щыщу щ бжыгъэхэр. Ар икъукIэ ехъулIэныгъэшхуэу къэлъытапхъэщ. Сыту жыпIэмэ, щIыуэпсым щхьэхуэну щIыпсэу зи гугъу тщIы лIэужьыгъуэр абы япэкIэ ирагтхауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Ингуш, Шэшэн республикэхэми я Тхылъ Пльыхьхэм.

Лыщхьэхэм а махуэм зыщагъэгъуэзащ Жэмтхьэлэ ибгъукIэ къыщыщ1эрагъэпэща Iуэхущ1ап1эм губгъуэ бабыщрэ мэз джэду пщIы бжыгъэхэр къыз1эрыщ1ауэтIыпщыкIам, ахэр щIыуэпсым щхьэхуиту щIипсэуну, щIыбгъэгъуэну зэрыхэтIыпщхьам.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэрыщIыту къатщтэмэ, щакIуэ-опытнэ хозяйствэхэм я бжыгъэр, арэзы дыкъамыщIу, щымащIэщ УФ-м. Абы къыхэкIыуи, дэркIэ лъапIэщ, мыхьэнэшхуи зи1эщ Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI, щIыуэпсым щыкIуэдыжьи п1эным нэса псэущхьэхэмрэ джаджьэхэмрэ я бжыгъэр зэтегъэувэжьным, хэгъэхъуэным, я гуи я пси етауэ, яужь ит Iэщ1агъэлIэхмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр дагъэуу фыкъызэрызэгъэпэщар. Нобэ мыбдежым щытлъагъуэ къэралым и адрей щIыналъэхэм я дежкIи щапхъэщ, биологие зэмылIэужьыгъуагъэр хъумэнымкIэ Iэмалыфlхэр зэрыщIэм теухауэ, - къыхигъэщащ Кобылкин Дмитрий.

ИпэжьлIэкIэ, ди республикэм щакIуэ Iуэхум хухаха и щIыпIэхэр я инагъкIэ, Кавказ Ищхъэрэм и адрей щIыналъэхэм елъытауэ, щынэхъыбэ дыдэщ. Абы къыхэкIыуи, хьэкIэжъхъуэкIэ, губгъуэ бабыщ, мэз джэд хуэдэхэм я бжыгъэр щыщэтегъувэжьнымкIэ, абыхэм ящыщу щэ бжыгъэр щIыуэпсым щхьэхуиту хэутIыпщхьэжьнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэфIэкIыр зэрыльагэри, къэралым и щакIуэ хозяйствэм 2030 гъэм нэсыху зэрызэужьыну стратегием къыщыгъэлъэгъуа пщалъэхэр ди республикэм зэрыщагъэгъэзэщIэнымкIэ щэсапIэ уиныкъ зэрыхъунури къыжиIащ хьэщIэ лъапIэм.

А махуэ дыдэм Кобылкин Дмитрийрэ КIуэкIуэ Казбекрэ республикэм и мэзхъумэ Iэнатlэм и къудамэхэм я унафэщIхэм ираташ мэзым и щIыпкIэр щIэпщIыкIынымкIэ, къыщыхъу мафIэсхэр щIигъэнкIынымкIэ сэбэп хъуну техникэщIэ зэмылIэужьыгъуэу 16. Ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыIэрыхьащ «Экология» лъэпкъ проектым и зы Iыхьэу щыт «Мэзхэр къегъэлын» программэр зэрагъэзащIэм ипкъ иткIэ.

Илъэс куэд хьуауэ иджы ящэу, транспорт хэхар ди щIыналъэм къыIэрохьэ, федеральнэ бюджетым и мылъкукIэ къащ1эхуауэ. Техникэщ1эр къуакIэбгыкIэхэми гъурц зэхэкIэжьажэми зэрыпхъкIыфым къыхэкIыу, мэзхэм мафIэс къыщIухъу и щIыпIэхэм псынщIэу нэсфынущ.

- Президентым и накъыгъэ унафэм белджылы къыщIащIакъэм дригъуаззэкIэрэ, 2024 гъэр къикьыжу дэ къэрал псом щIыздгъэпэщын хуейщ мэзхэм къыщIыхъу мафIэсхэм даззрыпэлъэщын техникэщIэу зи бжыгъэр минихым нэблагъэ. 2019 гъэм и закъуэ дэ къыхтхуащ1ухунущ нэхъапэм ди мурадам нэхъри хуэдизтIкIэ нэхъыбэ. Машинэхэр псори Урысейм щащIащ. Догугъэ ахэр щIыналъэхэм щIэгъэкъуэнкIэ яхуэхъуну, - къыпищащ и псалъэм Кобылкин Дмитрий.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ проектхэр щагъэзащIэ. Къыхэгъэщ1ыпхъэщ экологием пыща Iуэхухэм ди щIыналъэм дежкIи мыхьэнэшхуэ зэрая1эр. Техникэ къыщIэзрыпIэрыхьэр, республикэм биологие зэмылIэужьыгъуагъэр хъумэ хъуным хуэлажьэ проектхэр дгъэззэщIэнымкIэ щIэгъэкъуэнкIи фызэрыхъур нобэ дыкъгъэлъэгъащ. ДыщIызэхуэзэ унэтIынныгъэ я Iуэхум нэхъри зэрызригъэужьыным шэч хэлъкъым, - къыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек.

2024 гъэр къэсыху республикэм, псори зэхэту, къыIэрыхьэнущ зи гугъу тщIы техникэм хуэдэу 60-м нэблагъэ. Дызэрыт илъэсым и гугъу тщIымэ, ар ирухыу, КЪБР-м апхуэдэ машинэу иджыри 19 къыхуаутIыпщынущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

2019 гъэм фокIадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хахынущ

Республикэм и школакIуэхэр зэреджэну тхылъхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ

Социальнэ Iуэху нэхъ гугъуэхэр дзгъэкIыным хуэгъэзауэ КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ К. В. нэхъ япэкIэ къыгъэувауэ щыта пщэрылъхэм япкъ иткIэ республикэм и Правительствэм къыутIыпщащ республикэм и курыт еджап1эхэм щIэсхэр зэрырагъаджэ тхылъхэр къащэхун папщIэ зыхуеину ахъшэр.

КЪБР-м ЩIыхуэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхмкlэ и министерствэмрэ муниципалитетхэм егъэджэныгъэмкIэ я органхэмрэ зэщIыгъуу къапщытащ школхэм я библиотекэхэр тхылъкIэ къызэрызэгъэпэщар. Абы къырикIуахэм япкъ иткIэ Правительствэм къиутIыпщащ зэрыраГаджэ тхылъу мин 400-м щIигъу къызэращэхун ахъшэ. Апхуэдизу тхылъыр муниципалитет псоми щIыIэ школхэм щIэсхэм яхурикъунущ. Гупылитэ хэха хуащIащ анэдэлъхубзэмрэ литературэмкIэ, КЪБР-м и географиемкIэ, КЪБР-м и тхыдэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я щэнхабзэмкIэ тхылъхэр ирикъуу къащэхуным.

Республикэм и еджап1эхэм щIэсхэм тхылъхэр ирагтынущ гъэ еджэгъуэщIэм щIимыдзэж щIыкIэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1э.

Фыдогъэблагъэ!

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп

***«Спартак-Налшык» - «Алания»** (Владикавказ)*
Налшык.
«Спартак» стадион.
Бадзэуэгъуэм и 24. Сыхьэт 18-м.

Нобэрэ пщэдейрэ

Бадзэуэгъуэм и 23, *гъубж*

◆Джейхэмрэ хыкхъуэхэмрэ я дунейпсо махуэщ. 1986 гъэм ягъэуваш, а псэущхьэхэр илъэс 200-кIэ гущIэгъунщэу зэрызэтрауклам и зэранышхуэ дыкъэзыуухьурейихь дунейм зэрекIам и гъэгъэзавэрри. Абы лъандэрэ джейхэр къаубыдыи, я лыр ящэуи ядэркъым.

◆Абхъаз Республикэм и Къэрал ныпым и махуэщ.

◆Осетие Ипщэм и хъыбарегъащIэ Iуэхущ1ап1эхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ. Абы щыгъуэщ дунейм къыщыптехьар япэ осетин газетыр - 1906 гъэм Владикавказ къыщыдэкIыу щIидзащ «Ирон газет» («Осетинхэм я газет») жыхуиIэм.

◆1687 гъэм Париж кIуащ Урысейм и пэсольствэм щылэжьэнухэр.

◆1881 гъэм Льеж (бельгие) къалэм къыщызэрагъэпэщащ Гимнастикэмкlэ дунейпсо федерацэр - дунейм щыяпэ спорт зэгухьэныгъэр.

◆1903 гъэм «Форд» корпорацэм япэ автомобиль къыщIигъэкIащ.

◆1930 гъэм Москва авиационнэ институт къыщызэIуахащ.

◆1985 гъэм къэралым и дзэхэм хагъэхьащ Iэщ1а лIэужьыгъуэщIэ - «Тополь» ракетэхэр.

◆1992 гъэм Абхъазым и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьиштащ Куржым къызэрыгъэкIим икIи къэрал щхьэхуит зэрыхъум теухауэ.

◆1994 гъэм «УФ-м и Конституцэ судым и Iэхуэкlэ» законым къару игъэтащ.

◆Урыс усакIуэ, критик **Вяземский Петр** къызэралъхурэ илъэс 227-рэ ирокъу.

◆Совет усакIуэ-уэрэдыс **Матусовский Михаил** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

◆Совет дзэ къулыкъущIэ, генерал-майор, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Нэхущ Мырзэбэч (Борис)** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

◆«Кабардинка» ансамблым и къэфакIуэу щыта, КЪБР-м щIыхь зиIэ и артист **Дзыхьмыщ Къэралбий** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщIешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 24, *бэрэжьей*

◆Урысейм щагъэлъапIэ Кадастр инженерым и махуэр

◆Уэз гъагъэхэмкIэ Iэщ1агъэIхэм я махуэщ

◆1790 гъэм Франджы и ипщэ-къухьэпIэ лъэныкъуэм, Барботан къалэ щIыкIым пэмыжыжьэу, къыщIехуэжащ вагъуэижьыпкъ (метеорит). Щ1ым къытехуауэ дунейпсо тхыдэм япэу иратхар аращ.

◆1937 гъэм Америкэм щыщ къхъулъатэзехуэ Эрхарт Амалие къхъулъатэткIэ япэу Атлантикэ хым щхьэпрылъэтыкIащ.

◆1938 гъэм псым занщIэу хэткIухь кофе хьэжар къагупсысащ.

◆1942 гъэм нэмыцэдзэхэм Дон Iуфэ Iус Ростов къалэр яубыдащ икIи Кавказыр къэзэуным яужь ихьащ.

◆1956 гъэм ягъэтIылъащ физикхэм я къалэу къалъытэ Дубнэ и лъабжьэр.

◆Франджы тхакIуэ, драматург **Дюма Александр (адзэр)** къызэралъхурэ илъэс 217-рэ ирокъу.

◆Урыс революционер, тхакIуэ, философ, критик **Чернышевский Николай** къызэралъхурэ илъэси 191-рэ ирокъу.

◆Адыгэхэм я макъамэ Iэмэпсымэхэр щIыным хуэIэзэу щыта **Ойберман Владимир** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

◆Композитор, КЪБР-м, КъШР-м я щIыхубэ артист, УФ-м и щIыхь зиIэ и артист, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Даур Аслъэн** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

◆Философие щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **Бъэзан Хьэмзэт** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

◆Урысей актрисэ, уэрэджьыIакIуэ, УФ-м и щIыхубэ артисткэ **Мирошниченкэ Ирин** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

◆ТхакIуэ, критик, литературовед, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КЪБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъут Iэдэм** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

◆Узбекистаным и президент **Мирзиёев Шавкат** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

◆Урысей хоккеист цIэрыIуэ, дунейпсо чемпионатхэм тхуэнейрэ, Олимп Джэгуэм тIэунейрэ я чемпион, Урысейм щIыхь зиIэ и тренер, УФ-м хоккеймкIэ и командэ къыхэкам и гъэсакIуэ нэхъыщIхьэу щыта **Быков Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

◆Адыгейм щыщ усакIуэ, тхакIуэ, драматург **Хъунэгу Саидэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Нэхъыжь зэрымыс унагъуэм гъы макъ щыкуэдщ.

● Фэеплъ пэкIу

КIыщокъуэ Алим ягу къагъэкIыж

Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхь зиIэ КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэсищэрэ тхурэ зэрырикъум и щIыхькIэ пэкIу щекIуэкIащ абы и фэеплъым деж. КIыщокъуэ Алим и цIэр зезыхьэ уэрамым тет Налшык къалэ администрацэм и гупэм къит фэеплъым деж щIэзэхуэсат жылагъуэ, политикэ Iуэху зезыхьэхэр, гъуэзджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэр, лъэпкъ интеллигенцэр, усакIуэм и благъэхэр, Iыхьлыхэр, ныбжьэгъуэхэр.

ЗЭХЬIХЬЭР иригъэкIуэкIащ КЪБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. Абы жиIащ КIыщокъуэ Алим и Iэдакъэщ1кIэхэм адыгэ, къэралпсо, дунейпсо литературэхэр нэхъри зэрагъэбеяр, цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа тхакIуэм къыщIэнахэм яIэ щIэупщIэм нэхъри зэрыхэхъуэр, и тхыгъэ телъыджэхэр ди зэманым зэрыпэджэжьым къыдэкIуэу, блэкIари къэкIуэнури къыззрыщигъэлъэгъуар, абыхэм зыхуэзыгъаззэхэм дерс къызэрыхахыр. Министрыр кIэщIу къытеувыIащ усакIуэшхуэр къызэралъхурэ илъэсищэрэ тхурэ зэрырикъум и щIыхькIэ зэхьихьэ нэхъыщIхьэхэр ирагъэкIуэкIыну зэраубзыхуам. Апхуэдэу къигъэлъэгъуащ усыгъэмкIэ «Всадник чести» дунейпсо фестивалыр, зэхьихьэ щхьэпэхэр, гъащIэгъуэнхэр къызэрызрагъэпэщынур.

- Ди республикэми Москваи мыхьэнэ, жэуаплыныгъэ ин зыпылъ къэралкъуэ щIыпсэрыта, зи тхыгъэхэм дунейм псом щIэупщIэ щаIэ КIыщокъуэ Алим дэнэ щIыпIэ щIымыIами, къыщалъхуа щIыналъэм, зыхихьхьэ щIымыIэ, усэхуэдэ зытриухуа Щхьэлыкуэ хъуэжьэм и гур хуэпабгъэу къекIуэкIащ. УсакIуэр гукIи псэкIи и Хэкум хуэлэжьащ икIи хуэпэжащ, хуей щIыхъуми къыщхьэщIыжащ, - жиIащ КЪБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ **Беппаев МутIэлип**.

КЪБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **ХьэIупэ Джэбрэ1ил** кърихьэлIахэм ягу къигъэкIыжащ «Нап къута» романыр дунейм къытехьа нэужь, тхакIуэр зыпхыкIа гугъуехьхэр. Абы и псалъэм къыхихъэщащ КIыщокъуэм и

лэжьыгъэхэм композиторхэми уэрэджэщIакIуэхэми гупылитэ зэрыхуащIар, абы и псалъэхэр зыщIэлъ «На мою ладонь садитесь, птицы» усэм Жырыкъ Зауррэ Тут Зауррэ мамырыгъэм, щIыхьым, хуитныныгъэм я гимн къызэрыхащIыкIар, «Тельхъэ уанэр си шым», нэгъуэщI и уэрэдхэр цIыхубэм фIыуэ зэралъэгъуар. ХьэIупэм жиIащ ар щыпсэуа унэр зэрагъэпэщыжыну, тхакIуэм и тхыгъэхэм куэдрэ узыщIрипэхэлI, адыгэхэм я дамыгъэу къекIуэкIа кхъужьей жыгри абы щагъэтIысыну зэрихьэупсапIэр.

- Ди республикэми Москваи мыхьэнэ, жэуаплыныгъэ ин зыпылъ къэралкъуэ зэмылIэужьыгъэхэм щыпэрыта, зи тхыгъэхэм дунейм псом щIэупщIэ щаIэ КIыщокъуэ Алим дэнэ щIыпIэ щIымыIами, къыщалъхуа щIыналъэм, зыхихьхьэ щIымыIэ, усэхуэдэ зытриухуа Щхьэлыкуэ хъуэжьэм и гур хуэпабгъэу къекIуэкIащ. УсакIуэр гукIи псэкIи и Хэкум хуэлэжьащ икIи хуэпэжащ, хуей щIыхъуми къыщхьэщIыжащ, - жиIащ КЪБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ **Котляров Виктор**.

КЪБР-м щIыхъэм я хуитныныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис** жиIащ и цIыхугъэу щыта КIыщокъуэ Алим Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэр жыжьэ зэрыщигъэIуам зэрыригушхуэр, абы и псалъэмкI и щхьэми сыт щыгъуи пщIэ иIэу, щапхъэу, хуэзэфIэкIымкIэ куэдым дэIэпыкъэгъу яхуэхъуу, хуэгуапэу къызэрекIуэкIар, «Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь» щIыхьыцIэр къыщыхуагъэфэщам, республикэм ис лъэпкъ псоми я зэхуэдэ махуэшхуэу а гуфIэгъуэр зэрызэдагъэлъэпIар.

- КIыщокъуэм и тхыгъэхэм къыщигъэлъэгъуэжащ лъэпкъ тхыдэр, Хэку лъагъуныгъэмрэ зэныбжьэгъуныгъэмрэ я уасэр. Абы и лэжьыгъэхэм удихьэхыу къыхощыж республикэм щыпсэу къызэрыхьу щIэпсэу я къэхъуэ, хабзэ дахэр, - жиIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. - КIыщокъуэм лъэпкъым къытхуищIар псалъэкIэ къэIуэтэжьигъуейщ. УсакIуэм и фэеплъыр зыщыдмыгъэгъупщэу, къытхуигъэна лэжьыгъэхэм захуэдгъаззу, и пщIэр дымыгъэкIуэду, и дуней тетыкIам дыкуэфащэу, щIэблэр абыхэм щIэтпIыкIыу, нэгъуэщI лъэпкъхэм дадзгъэугурыкIуэфу, къытхуигъэна щIэинхэм пызыщэфын лъэпкъыу Тхьэм дигъэпсэу!

КЪБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Тхьэгъэзит Юрий** къыхигъэщащ, гъэ хэсэи хуэдэу, цIыхубэм зэпымыууэ ящIыгъу усакIуэшхуэр къыщалъхуа, дунейм щекIыжа махуэхэм ирихьэлIэу ягу къызэрагъэкIыжыр, псалъэ гуапэхэр зэрыхужаIэр зэрыуасэнэщэр, абы и Iэдакъэщ1кIэхэм гупсысэ куу зэращ1элъыр, адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэфIэкIэ зэрыхуищIар.

Зэпыщ1эм къыщыпсэльэгъэр къеджащ КIыщокъуэ Алим и Iэдакъэ щIыщкIэхэм ящыщу нэхъыфIу ильагъу усэхэм икIи къыхагъэщащ абы и тхыгъэ купщIафIэхэр дунейпсо классикэ литературэм и фIыпIэу къызэралъытэр, и лэжьыгъэхэм я щIэупщIэм кIуэ пэтми хэхъуэрэ зэрыкIуэнур.

Щхьэлыкъуэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ **Къуныжь Хьэчим** кIэщIу къытеувыIащ КIыщокъуэ Алим пщIэ ин зэрыхуащIым, и щIэинхэм зэрыригушхуэм икIи республикэм ихсэр къыхуриджащ щыхубэ усакIуэр зыщамыгъэгъупщэну. Абы зэхуэсахэр тхакIуэр къыщалъхуа я жылэм иригъэблэгъащ, зэхьыхьэм щыпащэну.

ПэкIур къызэзыгъэпэщахэмрэ абы зыкърезыгъэхьэлIахэмрэ КIыщокъуэхэ я лъэпкъым къыбгъэдэкIыу фIыщIэ яхуищIащ **КIыщокъуэ Юрий**.

Зэпущ1эр и кIэм щынэблагъэм, Тхылъыр фIыуэ зыльагъахэр я республикэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Шинкарёвэ Наталье** игъэхъэзыра ныбжьыщIэхэр КIыщокъуэ Алим и усэхэм удихьэхыу къеджащ, тхакIуэм и фэеплъым щIэ гъэгъахэр трапльхьащ, абы и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэм щIэту.

ТЕКIУЖЬ Зарет.

Сурэтхэр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

Щхьэлыкъуэ щагъэлъапIэ

Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, КЪБАССР-м и щыхьэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ, илъэси 105-рэ зэрырикъур Щэджэм щIыналъэм хьихьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм щагъэлъапIащ.

ЗЭХЬIХЬЭМ крихьэлIат КЪР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, КЪБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Беппаев Мутlэлип**, тхакIуэр зыщIыхуу щытахэр, абы и Iэдакъэщ1кIэхэр гунэс зыщщхьэхэр, ящхьэдэс нэхъыжьхэр, ныбжьыщIэхэр. КIыщокъуэм и кхьащхьэм удэ гъэтIахэр тралъхьа нэужь, гупым хэтхэр кIуащ абы и цIэр зэрихьэу Щхьэлыкъуэ дэт курыт еджап1э №2-м икIи Алим и музейм зыщапльхьащ. Абы щIэлът усакIуэм кIигъэсэбэну щыта хьэпшыпхэм щыщхэр, и Iэрытхэр, и тхылъхэр.

Къызэхуэсахэм иужькIэ школым и залышхуэм гуфIэгъуэ зэхьхьэм щыпащащ. Абы къыщыпсэльащ кхуажэ администрацэм и тхьэмадэ **Къуныжь Хьэчим**. Абы къыхигъэщащ КIыщокъуэм кIигъэна лъэужь дахэр зы адыгэ дунейм тетыху зэрымыкIуэдыжынур, ар къуажэдэсхэми я напщIэм тельу зэрыщытыр.

ЩIэдзэм щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI **Iэрыпщэ Жаннэ** жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэр дуней псом щызыгъэIуа усакIуэшхуэу тIу я районым къызэрыщалъхуар. Ахэр КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэщ. «Абыхэм я вагъуэр ноби щоблэ уафэгъум. МыкIуэдыжынщ абы къытхуагъэна лъэужь дахэр», - жиIащ абы.

Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ а еджапIэм и унафэщI **Хъутат Луизи**. «Дуней псом къыщащIыху усакIуэ щIэрыIуэм и щIэр ди еджап1эм зэрызэриухьэм дрогушхуэ. Лъэпкъым хуэщхьэпэн щIыхушхуэ куэд ди еджап1эм дяпэкIи къыщIэкIыну ди хуэзэпсап1эщ», - къыхигъащащ Къутатым.

Пшыхьым еджакIуэ щIыкIуэр КIыщокъуэм и усэхэм къыщеджащ, абы и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэд щIэрыIуэхэм къызэхуэсахэр ирагъэдэIуащ.

УЭРКЪ Жыраслъэн.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэр псэупIэрэ коммунальнэ IэхэутхъебзэхэмкIэ къызэгъэпэщыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iэхэукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 27-м
Налшык къалэ №108-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэр псэупIэрэ коммунальнэ IэхэутхъебзэхэмкIэ къызэгъэпэщыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2018 гъэм накъыгъэм и 8-м къыдигъэкIа унафэ №90-ПП-мкIэ кьишатам, хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным къыщыгъэпэзгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэм зыщегъэужьыныжрэ мэкъумэш продукцэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокхэр щыгъэблэгъэкIыныжрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iэхэукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м
Налшык къалэ №116-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэм зыщегъэужьыныжрэ мэкъумэш продукцэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокхэр щыгъэблэгъэкIыныжрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м къыдигъэкIа унафэ №154-ПП-мкIэ хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным къыщыгъэпэзгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий



● Пхъум и псалъэ

Си адэм и макъ къыхоIукI

ДИ АДЭ-АНЭМ насыпыфIэу илъэс 62-рэ кьыззэдагъэщIащ. ЛъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, кьыпщыхъункIэ хъунут зи дуней еплъыкIэрэ зи хабзэрэ зиIэж лъэпкъ зырызым кьыхэкIахэм я нэчыхьыр быдэ мыхъуну. Ди адэр илъэс 24-рэ, ди анэр - 20 щыхъуэм зэпызыщIа гурыщIэ кьабзэм гъащIэ кIыхь кьыщIэлът. Сыт хуэдизу кьабзэу щытын хуейт атIэ а гурыщIэр, зауэми, гъащIэм кьахуигъэува адрей гъэунэхунIэ гугъухэми гурэпсэкIэ зэщIыГуу пхыкIыфын папщIэ?! ГъащIэм и бэIутIэу псоми пэлъэщащ а тIум я гурыщIэр. Гухэлъ кьабзэрэ пэжыгъэрэ лъабжьэ зыхуащIа унагъуэм кьихъуа бынхэр псэ хуабагъэ зэи дыщыщIакъым, сыт и лъэныкъуэкIи адэ-анэм я лъагъуныгъэм дыкъихъумэрт. Ди адэр дуней екьыжа нэужь, ди анэм кьызитыжауэ щытащ абы и Iэрытхэр щызэхъэса, зэманым фагъуэ ищIа папкэ Iувышхуэр. Абы дэлът щысэрыцIыхуа махуэм кьыщыщIэдзауэ ди адэм ди анэм кьыхуигъэхьа письмохэр. Абы сыкъеджэжьыу, си тхьэкIумэм кьоIуэ си адэм и макъыр, абы и псэлъэкIэр, и гушыIэкIэ дахэкэр, адыгэ лъахэм ехьэлIа хьыбархэр. Хэку зауэшхуэм щыгъуэ си анэмрэ си шыпхъу нэхъыжь Татьянэрэ кьахуигъэхьа тхыгъэхэм седджэжмэ, кьызгуроIуэ ди адэм псалъэ хуабэкIа а тIум зэрадэсэлъхьэфар. Адэкlи, дунейр мамыр хъужа нэужь, Налшык икIыу командировкэ жьжьэхэм щыкIуэкэм кьытхуитхауэ щытахэм яхэлъ лъагъуныгъэ си гум щыкIуэщIыркъым.

1945 гъэм, зауэр щиухам, си адэр Прибалтикэ фронтым майору щыIэт. «Бгыщхэ хужьым укъеплъыхьмэ» автобиографическэ повестым абы щетхэж Сальск бжьэпэм кьыщыщIэдзауэ Кёнигсберг нэсыху кьикIуа и зауэ гъэгуанэр. Нэхъапэм ар саперу, иужькIэ дзэ корреспонденту щытащ. Ажалымрэ зауэлымрэ зы лъэбакъуэ фIэкIа ямызэхуакуу псэзэпылъхьэпIэ сыт хуэдизрэ ар ихуа, сыт хуэдизу гугъуехьи игъэвын хуей хъуа - абыхэм зэи и гугъу ищIакъым. Ауэ 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м къиГэхьа тхыгъэм и гугъу щищIырт апхуэдиз укIыГэрэ лейрэ зыльэгъуам зыхищIахэм ящхьэж зы Iэхуэгъуэ. ЯсэхызыщсцыхъумкIи, ар абы имытхъыжьи хуэзфIэкIынутэкъым. Зауэм кьригъэха тхыгъэхэмкIэ пхуэгъэзэгъуэжьыгуэкъым абы зэпича гъэзэгуанэр зыхуэдэр, зауэм и кIэухэрщ ар зэдэщIыIэ щIыпIэхэр нэхъ кьыщигъэльагъуэхъуар: Кёнигсберг, иужькIэ Либавэ, Ригэ кьритхыкIахэм здэщIар итщ. А кьалэм кьригъэха телеграммэм «Сынокlуэж» - зы псалъэрт итар...

КIЫЩОКЪУЭ Еленэ.

Фронтым кьикI тхыгъэхэр

ЯПЭ ПИСЬМО

Уузыншэм, Надеждэ!

Сыныпхэтхэну сыщыхэхъуэм деж а Iамалыр зыIэщIэзгъэкIыркъым. Куэди щIакъым сынызэрытхэри, иджыри, мис, сыщысщ. Сэ сыфIщ, сыузыншэщ. Гаэтыр зэпыу имыIэу кьыдыдогъэкI, псори хъарзынэу йокIуэкI. Сэр щхьэкIэ уэ зэи умыгузавэ, зэзэмызэхэщ щытыкIэ гугъу сыщихуэр. Сэ кьызжаIэ ди кьыджэбз щIыкIур нэхьыфI зэрыхъужьыр, абы хуабжьу сыщогуфIыкI. Ирехъуж нэхъ псынщIэу. А цIыкIур хуиткъым сымэджну - уставым иткъым апхуэдэ. И унафэщIхэм хуит дымышIарэ кьыдэмыдаIуэу сымэджэныр кьыщыхилъхьакIэ, тIэкIуи детхьэкъун жызоIэ.

Иджыблагъэ ахьшэ тIэкIу нэзутIыпщащ, иджыри незгъахьынущ, ауэ зэкIэ кьысIэрыхьакъым. Ауэ уэ гъатхэмрэ щIымахуэмрэ фIыуэ зыхуэгъэхьэзыр. (Сэ езыри гъатхэм сынэкIуэжьинкIэ хъунщ). Мыщэр пщIэркъэ, мэзым губзагъэу зэрыщыпсэур - гъэмахуэ псом мэгъэтIылъэ, кьыкIэлъыкIуэну ильэсым мымэжэлIэн хуэдэу. Уэри апхуэдэу щIыи, ущыуэнкъым. ГъэтIылъыгъэм уи жьпыр иугъуэнкъым, ахъшэ кьыбжиIэркъым. Мэлыл бгъуэтмэ, къэщхуи гъэгъу. Уэ пщIэжьынщ нэхъыфI зэрыхъунур. ИтIанэ, адыгэхэм кхъуей ягъэгъу. Апхуэдэ къэпщэхуакъэ? Уэ пщIэрэ ар куэдрэ зэмыкIуэкIыу зэрыщыпльыр? Апхуэди зэгъэпэщ.

Хъунщ, ерыскъы гугъур кьэдгъэнэнщ. Уэ, зэрыхъукIэ, яужь ит сэ стеухуауэ нрагъэхь сомыр бадзэуэгъуэм, шыщхьэуIум нэхъ фIэмыкIыу зыIэрыбгъэхьэну. А зэманэхращ гъэ псор зэрипхыну ерыскъыр щызэбгъэпэщыфынур. Уигу игъэлъ.

Иджыблагъэ сэ зы щIыпIэ гуэрым сыщыIащ. Зэи сриухэлIакъым апхуэдэ нэщхьеягъуэ. Нэмыщхэм зэтраукIащ жылэдэс, мамыру псэу ди цIыхухэр. Абыхэм яхэтт сабийхэри. Сэ слъэгуащ цIыхубз щIалэ дыдэм и пхъум и Iэпкълъэпкъ цIыкIуэр зэхуихьэсыжу, абы кьилъыхьэрт а сабийм и Iэ лъэныкъуэ цIыкIур, ауэ игъуэтыжакъым. НэгъуэщI зыгуэрми и дэлъху цIыкIум и хьэдэр апхуэдэу зэхуихьэсыжьырт. Апхуэдэурэ псоми я хьэдэ кьупщхьэхэр кьащыпыжьырт. Ар сыту гуэт. Мыпхуэдэ гуэрэр цIыхум щыгъупщэну? Зэи щыгъупщэнукъым.

Уэ унасыпыфIэщ, си дахэ, апхуэдэ гуэрэ умыгъэвам и мызакъуэу, икIи пльэгъуакъым. Согугъэ икIи апхуэдэ игъащIэкIэ уи нэгу щIэмыкIыну.

ЗэкIэ хъунщ, узыншэу!

Алим.

ППС 1580
п/я №1 политотдел
2.7.42 гъэ

P.S. СагъэлъапIэу тыгъэ кьыскуащIа щIыхь тхьылъыр ныпхуэгъэхь, хъумэ ар.

Бгъуэтынумэ, письмо щимэм дэлъу, тутыныр зыкIуэцIашых тхьылъыпIэм хуэдэ кьыскуегъэхь.

ЕТIУАНЭ ПИСЬМО

Уузыншэм, Надя!

Уи тхыгъэмрэ кьысIэрыхьащ. Хуабжьу сыщыгуфIыкIащ хадэ зехьэным узэрегугъум. Тэмэму уощI. Мы гъэр, ди жагъуэ зэрыхъущи, ерыскъыпхъэкIэ егъэлеяуэ гугъуу щытынущ, араща, уи къарум кьихьыху лажьэ. Сэ сыбдэ-Iэпыкъунщ сомкIэ. Мы мазэм икуэм аттестат нэсти хынщ.

Сэ сыфIщ, сыузынщ. Уэ Кулиевым зыхуэбгъэгусащ госпиталым сызэрыщIэлъыр нызэритхам папщIэ. Сэ абы сыщIэхуэнкIэ мыхъуну уогупсыри аращ. Иджы, си щэхур кьыщыщIэщащкIэ, бжесIэнщ фронтым сызэрыIухьэрэ госпиталым тIэунейрэ сыщIэлъын хуей зэрыхъуар - щыщыплэмэрэ мэлыжьыхьымрэ. Сэ ар ныпхуэстхыну сыхуэнкъым.

Уэ уощIэ сэ си гъащIэ еплъыкIэмрэ си хьэлымрэ.

Мыгувэу си гъащIэм зэхъуэкIынныгъэ гуэр кьыщыхуэну кьыщIэкIынщ, ауэ сэ абы си гур фIы кьыщIыркъым.

Михай зэрыпсэур, зэрыузыншэр егъэлеяуэ си гуапэщ, ауэ зауэр кьызэрыхьейрэ зы тхыгъэ кIапэ кьысIэрихьакъым. Ар си жагъуэ сщIыркъым - езыми щыму сыподжэж. Зауэр иухрэ зэмыкIуэкIыу зэрыщыльыр? Апхуэди зэгъэпэщ.

Хъунщ, ерыскъы гугъур кьэдгъэнэнщ. Уэ, зэрыхъукIэ, яужь ит сэ стеухуауэ нрагъэхь сомыр бадзэуэгъуэм, шыщхьэуIум нэхъ фIэмыкIыу зыIэрыбгъэхьэну. А зэманэхращ гъэ псор зэрипхыну ерыскъыр щызэбгъэпэщыфынур. Уигу игъэлъ.

Иджыблагъэ сэ зы щIыпIэ гуэрым сыщыIащ. Зэи сриухэлIакъым апхуэдэ нэщхьеягъуэ. Нэмыщхэм зэтраукIащ жылэдэс, мамыру псэу ди цIыхухэр. Абыхэм яхэтт сабийхэри. Сэ слъэгуащ цIыхубз щIалэ дыдэм и пхъум и Iэпкълъэпкъ цIыкIуэр зэхуихьэсыжу, абы кьилъыхьэрт а сабийм и Iэ лъэныкъуэ цIыкIур, ауэ игъуэтыжакъым. НэгъуэщI зыгуэрми и дэлъху цIыкIум и хьэдэр апхуэдэу зэхуихьэсыжьырт. Апхуэдэурэ псоми я хьэдэ кьупщхьэхэр кьащыпыжьырт. Ар сыту гуэт. Мыпхуэдэ гуэрэр цIыхум щыгъупщэну? Зэи щыгъупщэнукъым.

Уэ унасыпыфIэщ, си дахэ, апхуэдэ гуэрэ умыгъэвам и мызакъуэу, икIи пльэгъуакъым. Согугъэ икIи апхуэдэ игъащIэкIэ уи нэгу щIэмыкIыну.

ЗэкIэ хъунщ, узыншэу!

Алим.

ППС 1580
п/я №1 политотдел
2.7.42 гъэ

P.S. СагъэлъапIэу тыгъэ кьыскуащIа щIыхь тхьылъыр ныпхуэгъэхь, хъумэ ар.

Бгъуэтынумэ, письмо щимэм дэлъу, тутыныр зыкIуэцIашых тхьылъыпIэм хуэдэ кьыскуегъэхь.

ЕТIУАНЭ ПИСЬМО

Уузыншэм, Надя!

Уи тхыгъэмрэ кьысIэрыхьащ. Хуабжьу сыщыгуфIыкIащ хадэ зехьэным узэрегугъум. Тэмэму уощI. Мы гъэр, ди жагъуэ зэрыхъущи, ерыскъыпхъэкIэ егъэлеяуэ гугъуу щытынущ, араща, уи къарум кьихьыху лажьэ. Сэ сыбдэ-Iэпыкъунщ сомкIэ. Мы мазэм икуэм аттестат нэсти хынщ.

Сэ сыфIщ, сыузынщ. Уэ Кулиевым зыхуэбгъэгусащ госпиталым сызэрыщIэлъыр нызэритхам папщIэ. Сэ абы сыщIэхуэнкIэ мыхъуну уогупсыри аращ. Иджы, си щэхур кьыщыщIэщащкIэ, бжесIэнщ фронтым сызэрыIухьэрэ госпиталым тIэунейрэ сыщIэлъын хуей зэрыхъуар - щыщыплэмэрэ мэлыжьыхьымрэ. Сэ ар ныпхуэстхыну сыхуэнкъым.

Уэ уощI.

ЩІАЛЭГЪУЭ

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзырар
БАГЪЭТЫР Луизэщ

ЯтІагъуэ гъэжьам елэжь пщащэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университым урысыбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэр къэзыуха, филолог Іэщ1агъэр зэзыгъэгъуэта Хьэщ1ыкІУ Миланэ суэрэ техными дехьэх, апхуэдэуи илъэсипл1 хъуауэ я т1агъуэмхьэпшып1эзмыл1эужьы-гъуэхэр кІыхэщІыкІыным йолэжь.

КъБР-м и Гъэсэныгъэм нэгъабэ «Гранд Кавказ» хьэщІэщым (Налшык къалэ) къыщызэригъэпэщ1ауэ щыта гъэлъэгъуэныгъэм Миланэ и Іэдакъэщ1экІэхэри хэтащ. Куэдым зезыпщыта хъыджэбзым и Іуэху епльыкІэмрэ гупсысэхэмрэ тф1ш1эщыгъуэу делсэльъащи, ди гуапэщ абыхэм фыщыдгъэгъуэзэну.

- Миланэ, сытым къыхэкІа ятІагъуэ гъэжьам уелэжьыныр?

- СхужьІэнукъым абы сыпыщІа зэрыхъуам щхьэусыгъуэ пыухыкІа иІауэ. СызэреплъыкІэ, иджыпсту Урысейми ди щІыпІэми гулъытэ нэхъ щ1ыхуащ1 абы. Щ1ыхуэхм я Іэкіэ зыгъэрхэр ящІыну гупыж ящІ хъуащ. Абы хеубыдэ ятІагъуэ гъэжьам къыхэщІыкІа хьэпшыпхэри кІуэ пэтми яфІэгъэщІэгъуэн зэрыхъэр. Абы урилэжьэн папщІэ, техникэ щхьэхуэ (хьэкур зэгъэпэщІыпхъэщ) уиІэн хуейщ, апхуэдэуи адрей гъэзджэхэм къащхьэщІыкІыу нэхъ гъуэтыгъуейщ а Іуэхум ухуэзыгъэсэфын Іэпщ1эльапщ1эхэри. Арауэ къысщохъу мы Іуэхум ди деж зыщІыщимыубгъуар. Ауэ, нэхъыжьыІуэхэм зэращІэжщи, Налшык къалэм и Александровскэ хьэблэм дэту щытащ керами-кэ заводыщхъэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар хуэмурэ хокІуэдэж. Нэгъуэщ1 къэралхэм къак1эрымыхуу, а Іуэхущ1апІэм хьэкъущыкъуэкэ къыщыщІагъэкІырт. А зэманым кхъуэщІынэкІхэм елэжьахэм ящІэж ар. Къэралым цІыхум апхуэдэ Іуэхуфі кІыхуэзэригъэпэщыфу зэрыщытам ущедаІуэкІэ, уохъуапсэ иКІи уи жагъуэ мэхъу ди зэманым ар къыззрымысар. Щэч зэмылъу, нобэ унатІныгъэ куэдкІэ зыужьныгъэ дгъэтащ, ауэ тІэщІэхуащ мы зэманым хъарзынэу екІуну щыта гуэрхэри.

КхъуэщІынэкІхэр щІыным сыщІидихьэхьи, абы зэрелэжьым сыхуэзыгъэсэн республикэм щІызмыгъуэту Ставрополь сыкІуэри, а Іуэхум зы лІыжь гуэрым мащІэ-куэдми сыхигъэгъуэзащ. Адэкіэ сэ езым хуэмурэ щэхуэхэр къэсті эщІащ. Гукъыдэж кІыззэзыт лэжьыгъэм сызыІэпишауэ, Интернетым си Іэдакъэщ1экІхэр къыщислъхьэм, цІыхухэр ехъуэпсащ, дыхуейт зыдгъэсэну щ1ыжаІэм, студие къызэІусхынер абы къыхэкІащ. ИльэситІкІэ абы дерсхэр щегъэжьІуэкІащ, балигъэм къыщыынэмыщІа, сабийжэми садэлажьэу.

- Сабийм дежкІэ ар сыткІэ сэбэп?

- Сабийхэр псынщІэу дахьэх апхуэдэ Іуэхухэм. Ауэ, пэжыр жьІпІэмэ, мы Іэщ1агъэм сабийр хуэбгъэсэну нэхъ гугъущ, и техникэр хьэлъэщ, къару пхэлъын хуейщ, зэманыфІи токІуадэ. Абы къыхэкІыу сабийхэр лъэщапІэм къыщашэм къалэну зыхуэзгъэувыжакъым Іэмал имыІэу ахэр а гъуэзджэм хуэІэзэ сщІыну. Сабийр мы Іуэхум къыхэпшэным и сэбэпынгъыр зэпхар нэгъуэщІщ - ятІагъуэм

елэжьыху, пэщэщэху абыхэм я къэухым хохъуэ. Къапщтэмэ, сэ езым си сабийри, зэрыщІыкІым щхьэкІэ къэзмыгъанэу, бгъэдэсшэурэ ятІагъуэм хьэзоІэбэ, и Іэпэхэр игъэлажьэн, и жыджэрагъым хигъэхъуэн папщІэ. Іэпэр нэхъыбэрэ зэрылажьэм къищынэмыщІа, ятІагъуэм и зэхэлъыкІэр къэпхутэну ухущІэкъуухкІэ, цІыхум и акъылми псэлъэкІэми зерегъужь, къыкІэлъыкІуэу и гупсысэкІэр жан мэхъу. Апхуэдэ зэпыщІэныгъэхэр яІэщ цІыхумрэ мы гъуэзджэмрэ. ЯтІагъуэ гъэжьам къыхэщІыкІа кхъуэщІынэкІхэм и фІагъэщ къэзыгъэльагъэщ щ1ын щІэнтІэу ихьэсищэ бжыгъэ дэкІа нэужьи, зыри къыщ1ымыщ1ауэ ар къыззрыщІэпэщ1ыхьыкІыфынур.

- Уи зэфІэкІым зэрыхэбгъэхъуэным нужь уит?

- Хьэкъущ1ыкъу щІыным нэхъ хуэІэкІуэльакІуэ сыхъуну сыхуейт. Скульптурэм елъытауэ, тепщэч пщІыныр Іэджэкіи нэхъ тыншу къыпщ1ыхьунущ зэ елпльыгъуэкІэ. Арщхьэкіэ ар захуэу, джафэу, псынщІэу пщІыным лэжьыгъэшхэу ябгъэхьпІэ. Хьэкъущ1ыкъуэр ощІыну щІэздзэри, дриш-хэну къэтщта нэужьщ ныкъусаныгъэ куэдым гу щІылъыстар. ЯтІэр щІыцІынэм псори захуэу уолъагъу, ауэ бгъэжьэжа нэужь, псори наІуэ кхъохъу. Зы мывэ цІыкІу е нэгъуэщІ зыгъэр пІэщІэкІамэ, лэжьыгъэр кІуэдауэ убж хъунущ. Аращи, абы и лІынькъуэкІэ си Іэзагъэм хэзгъэхъуэну си мурадщ.

Щхьэхуэу абы ущ1ыхуеджэн еджапІэ диІэкъым. Ауэ ди зэманым Интернетым и къарур инщ. Японием щ1ыпсэу урыс цІыхубз Іэпщ1эльапщ1э Герман Татьянэ зыпысщІауэ илъэс етІуанэ хъуауэ видеокІэ цІыхуипщІым (Урысейм и нэгъуэщІ къалэхэми щ1ыщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ыщу сэ зыращ хэтыр) ар къыддолажьэ, куэдым дыхеГэгъэгъуаэз. Мы гъэм абы и дерсхэр къэдухынущ. 2018 гъэм ди лэжьыгъэхэм я гъэльэгъэныгъэ Москва и ВДНХ-м махуитКІэ щ1ежІуэкІащ. Мы гъэми дерсхэр псори зэфІэкІа нэужь, иджыри зы гъэльэгъуэныгъэ абы къытхуэзригъэпэщынущ.

Филолог Іэщ1агъэр къыхэсхын хуей щІэхъуам и цхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр литературэм, уэсэ зэхэлъхьэным сызэрыдихьэхари, ахэри Іэщ1ыб сщІакъым. Ауэ иджыпсту щІэзджыкІ литературэр гъуазджэм нэхъ епхащ, псом хуэмыдэу сфІэфІщ совет искусствоеВ Волковэ Паолэ и Іэдакъэщ1экІхэр. Гъуазджэм и теориер пщІэкІэ зэфІэкІыркъым, Іэкіэ куэдрэ улэжьен, ар зыхэпщІэн хуейщ.

Нэгъабэ сэри курс кІыззэгъэпэщри, Интернет Іэмалымкіэ цІыхуэхэм садэлэжьащ. Лъэщапіэм деж къхуэщ1ынэкІхэр зэращІыр щ1ызгъэльагъэуэу, упщІэжм жэуап щІесту. Си гуапэ зэрыхъущи, зыкъыспащІащ Урысейм и нэгъэщІ къалэхэм щ1ыпсэуэхэми, уеблэмэ Канадэм щ1ыщ зыми. Мы гъэми сигу ятІыщ иджыри апхуэдэ курс къ1ззэгъэпэщ1ыну Бжьыхьэм си мурадщ си лэжьыгъэхэр Налшык щ1ызгъэльэгъуэну.

- Упсэу, Миланэ. Уи мурадхэр къоХъуІэну ди гуапэщ.

Епсэльар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

КъБР-м и Музыкэ театрым и уэрэджьІакІуэ Дэгу Каринэ иджыблагъэ япэ увыпІэр къыщ1ыхуагъэфащ1ауэ «Star KBR» зэпеуэм и зы Іыхьэм. Каринэ пшыхьым щ1ыгъэззщІащ Сэхъу Хьэсэн хуитха «Гуэлъыр мыдаІуэ» уэрэдыр.

Каринэ тыдогъэпсэлъыхь щэнхабзэм зэрыдихьэхам, зыІэригъэхьа екъулІэныгъэхэм.

- ЕХАНЭ классым сыщІэсу ди курыт еджапІэм щІалэгъуалэм къыддэлэжьэну къраГьблэгъат Гуэнгъэпщ Юрэ. Абы уэрэдым дихьэхэр игъасэрт, театр теплъэгъуэхэр ящІэгъуэвырт. Сэри сыкІуэрэр щэхуу сакІэпхыплъырт, ауэ сытегушхуэрт екъым. Іэщ1агъэм сыбгъэдыхьэну, сахьхьэмэ зэрысфІэфыр жесІэну. Зэгуэрым егъэджакІуэм езым сызыбгъэдишэри къызжиІащ бжэ къуагъым сыкъуэмыту, си зэфІэкІым сеплъыхмэ нэхъ къызэрысхуэщхьэпэнур. Апхуэдэу утыкум япэу абы сришауэ жыпІэ хъунущ, - дыщегъэгъуаэз Каринэ.

Курыт еджапІэм щІэсыху, хъыджэбзым и зэфІэкІыр мызэ-мытІэу щ1ыгъэпІэгъуащ ныбжьыщІэхэм уэрэд жыІэнымкІэ я зэпеуэхэм. Школыр къыщІиухым, зэдзэкІакІуэхэр щагъэхьэзыр еджапІэм зэрыщІэтІысхьэнум егупуу зыхуигъэхьэзырат, апхуэдэуи щІэхъуэпсырт гур зыгъэхъуж дохутыр хъуну. АрщхьэкІэ Каринэ зэрудым и гъащІэр ирипхмэ нэхъ къиштащ.

- Си мурадыр си анэм щыжеСІэм, Гъэсапэ Наталье къызигъэдэІуэну сишащ, абы къыджИэм адэкІэ си Іуэхур трищІыхьыну. Наталье си дэфтэрхэр Кавказ Ищхъэрэм Гъуэдзжэхэмкіэ и хъарал институтым ест зэрыхъунур щІыжиІэм, Іэщ1агъэ схуэзхъунум шэч кІытесхьэжакъым, - жеІэ Каринэ.

Уэрэджы1акІуэ ныбжьыгуэдзыр бэв хъун щхьэкІэ ехьэлІапхъэ хущхъэущІэм теухуауэ (аращ «УМНИК»-м утыку кхъыщрихьари), фошыгъум и пІэкІэ кхъбгъэсэбэп хъуну кхъкІыгъэм («стевия» фІэщыгъэр зиІэм) ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІа гъэунэхуныгъэр, чэтэнудзыр (лён) ди щІыпІэхэм зэрыщІбгъэкІынур.

Іэдакъэщ1эм щІэсыху, Алом къратащ и ехьулІэныгъэхэм щ1ыхьэт техьуэ къэрал стипендие зэмылІэужьыгъуэхэр. Псальэм папщІэ, 2017 гъэм щІалэм кхъухъагъэфэщащ УФ-м и Правительствэм и стипендиер, кхъІэльыкІуэ илъэсым кратащ КъБР-м и Іэтащхьэм и цІэкІэ ят стипендиер, 2019 гъэм - УФ-м и Президентым и стипендиер.

ЩІалэгъуалэ Правительствэм хьихьэн и пэ къихуэу, Астемыр жылагъуэ Іуэхухэм зэрыхуэжыджэрри къиГъэлъэгъуэну хунэсащ. КъБКъМУ-м и Студент совет тым, щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я зэгухьэныгъэм, Налшык къалэм и щІыпІэ администрацэм епха щІалэгъуалэ советым, «ЩІалэгъуэ гвардие» зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм хэтащ. «ЩІалэгъуалэ Правительствэм Іэмал къыдет ди Іуэху еплъыкІэр республикэ унафэщІхэм яльэдгъэІэсыну, апхуэдэ дыдэу къулыкъущІэхэм я лэжьыгъэм мыдрейхэр щыдгъэгъуэзэну, - жеІэ абы. - КъБР-м мэкъумэш Іэнатіэмкіэ и министр Говоров Сергей сыущІащ, илъэситІым дыззрызэдэлэжьэнур дубзыхуащ. Алэжьыгъэхэм хьихьу, КъБКъМУ-м и студентхэр зэхуэсщэри, республикэм мэкъумэш Іуэхум зэрыщелэжьым, къэралым а Іэнатіэм пэрытхэм зэрызащІигъакъуэм, къапщтэмэ, министерствэм ирегъэкІуэкІ лэжьыгъэм, ягъэзащІэ программэхэм ятеухуауэ презентацэ щ1ысщІащ. КьишынэмыщІауэ, кьалэм щекІуэкІ Іуэхугъуэ псоми дызэрыхэтынум дыхуущІокъу: щІыуэпсыр хьулэмэн ехьэлІа Іуэху куэд къызыдогъэпэщ, урысейпсо щІалэгъуалэ зэхьыхьхэм докІуэ. ЩІалэгъуалэ Правительствэр зэрысэбэпыр шэч зыхэмылъщ».

Алор хэтащ Воронеж къалэм щекІуэкІа «Къэралым и щІалэгъуалэ гуп» урысейпсо егъэджэныгъэ зэІуІэсм. Кърымым мэкъумэш Іэнатіэмкіэ и щІэныгъэ-кхъухтакІуэ институтым щ1ызэхэта зэхьыхьэм. Дагъыстэн Республикэм 2017 гъэм абы щигъэлъэгъуащ «Гъэдз гъэкІыныкІэ ящІэжьаІэ Іэмалхэр къэгъэсэбэпын» и лэжьыгъэр икІи етІуанэ увыпІэ щиубыдауэ щытащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрыр, зэрыщІщІэщи, мэкъумэш щІынальэщ, дищІэжи Гъавэ бэв къыщохъу. Мы Іуэхум сыдихьэхыу сыхэтщи, Іэщ1агъэ кхъухэсхамкІэ сызэрыщІымыуар си деж кІэхэкъщ», - дыщІегъу щІалэм.

КЪУЭЩІЫСОКЪУЭ Линэ.

● Театр гъуэзджэ

Утыкушхуэм къыхуигъэщІа

щІэр балигъ гъащІэм хэзыша и ятІэ еГъэджакІуэхэр Куэт Къанщобий, Батыр Мухьэдин сымэщ, абыхэм я деж зыщ1ыхуигъэсащ оперэ уэрэд жыІэкІэм и щ1ухуэм. Хъыджэбзым зэрыжиІэмкІэ, абыхэми, Гъэсашэ Наталь я чэнджэщ куэд ар щІэдэІуащ икІи нэхъыжьхэм я псалъэр гъуэгуГъэлъагъуэ хуэхъуащ. Къапщтэмэ, ахэращ утыку къыщихьэкІэ ноби абы къыдэІэпыкъур.

- Ди зэфІэкІым зэрыхьдигъэгъэхъуэным и мызакъуэу, Батыр Мухьэдин адэм хуэдэу гуапэу сытым деж къыдГъэдэтащ. Абы къыджиІэрт: «Утыку фихьамэ, а Іэщ1агъэм фи гур нэсу къыхуэзэІуфх, арыншамэ, цІыхум я деж нэфхьэсынур мащІэш». Апхуэдэ дыдэуи Гъэсашэ Наталье сыт и лъэныкъуэкІи дигъэІущащ, артистым и пщэ къалэныщхуэ къызэрыдэхуэр зэпымыууэ къыдджиІащ. «ЦІыхум щапхъэу ялъагъур утыкум итраци, къыщ1ывдэлпъеин щапхъэ фхэпъын хуейц», - жиІэрт абы.

Еджапіэ нэхъыщхьэм щІэсу, Каринэ хэтащ Осетие Ипщэм щекІуэкІа «Нартхэм я мыІэрысэ» фестиваль-зэпеуэм. Езым япэ дыдэу итха уэрэдыр абы щІигъэзащІэри, ар лэжьыгъэ нэхъыфІу къызэралъытам и щ1ыхэту, саугъэт нэхъыщхьэр къыхуагъэфащ1ауэ щытащ. «АпхуэдизкІэ а Іуэхум сыхэтыну си нэр къыхуикІырти, Куржымрэ а республикэмрэ щІызэмыфым зэманкІэ зэрырихьэлІами семыплъу, махуитхукІэ абы дыщ1ыхьащ1ауэ щытащ, - жеІэ уэрэджы1акІуэм. - А зэпеуэм КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм кхьыбгъэдэкІыу дыкІуауэ арати, си деж1э мыхьэнэшхуэ иІэт апхуэдэ утыкум екъулІэныгъэ къыщІэкынымі. Дауэ мыхъуми, уи зэфІэкІыр уи фІэщ пщ1ызыщ1 екъулІэныгъэ щІэдзапІэм къыщ1ыпхьмэ, къару къ1ипхелъхьэ, укъримыгъэкІуэтыжу. Зы зэман гуэр уэрэд тхынми сыдихьэхауэ щытащ, уеблэмэ лэжьыгъэ зыбжани си Іэдакъэ къ1ыщІэкІащ. Зэкіэ а Іуэхур зэпызГъэуащи, хэт ищІэрэ, зэман дэкІмэ, езыр-езыр абы сыхуэкІуэжыну пІэрэ жызоІэ.

Музыкэ театрым хъыджэбзыр щ1ыуагъащІэ зэманым ирихьэлІэу, «Шэмхьун и фызышэм» щелэжьырти, Каринэ абы хагъэхьащ Жангущэ и ролыр щ1игъэззащІэну. «Театрым илъэс 30-кІэ, нэхъыбэжкІэ щ1ылажьа артист пажэхэм я гъусэу утыку сыкъихьэн зэрыхуейм мащІэу сытешынихьыпт. Къуныжь Алим абы щ1ыгъуэм сытригъэгушхуащ: «Каринэ, мы ролыр зэрыпхуэгъэззэщІэнур сощІэри, зы щхьэкІи умыгузавэ», - жиІэри. ИкъукІэ фІыщІэ яхузощІ япэ лъэбакъуэхэр щ1ысчым сызыдэлажьа режиссёрхэми, утыку си гъусэу къихьахэми - дэтхэнэми си лэжьыгъэр къызда1ыгъащ.

Ильэсибл дэкІащ абы лъэндэри, Каринэ и эзфІэкІым хэхъуэ зэпытщ, КъБР-м и Музыкэ театрым игъэув оперэхэмрэ опереттэхэмрэ екъулІэныгъэхэр къыщІегъэльагъуэ. Ар хэтащ «Севастопольский вальс» опереттэм, «Мадинэ» оперэм Лалинэ и ролыр щигъэззэщІащ, мы зэманым «Аршин мал алан» опереттэм Асият и ролыр щегъэзащІэ. Театрым бжьыхьэм игъэльэгъуэну игъэхьэзыр «Травиата» оперэм Виолеттэ и ролыр уэрэджы1акІуэ ныбжьыщІэм къыщ1ыхуагъэфащ1ащи, мы зэманым абы егупуу йолажь.

Уэрэджы1акІуэм и зэфІэкІыр, зэрыхабзэу, къэзыгъэльагъуэр и щІэр фІыкІэ жьыжьэ зэрыГурыт. Карини нэхъыбэу зыхущІокъур аращ. «ЦІыхур дунейм къыщ1ытехьэкІэ ар и ІуэхущІафэ гуэркІэ цІыхубэм ягу къинэн хуейуэ къызолъытэ. Си щхьэкІэ сыкъапщтэмэ, щэнхабзэращ сызыхэтри, абы и лъэныкъуэкІэ си Хэкум сэбэп сызэрыхуэхъуныращ къалэн нэхъыщхьэу зыхуэзгъэувыжыр», - къыхегъэщ ди псэлъэгъум.

Каринэ и уэрэдхэр щ1ыгъэІуащ адыгэхэр нэхъыбэу щ1ыпсэу Тырку щ1ыналъэм щекІуэкІ щэнхабзэ фестивалэмкІи. Театрым и мызакъуэу, ди республикэми, гъунэгъу щ1ыналъэхэми къыщ1ызэрагъэпэщ ПшыхьэхэМ уэрэджьІакІуэр ираГъэблагъэ, адыгэ уэрэдыжьхэр къэгъэщІэгъэнэ-жауэ ахэм щегъэззащІэ. Каринэ уэрэд нэхъыбэ и анэдэлъхубзэмкІэ зэригъэззщІэнум хущІокъу, къэбгъэльагъуэмэ, Сэхъу Хьэсэн, Мамий Асльэн сымэ ядолажьэ, Иуан Владимир и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдхэр и гуапэу егъэзащІэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

● КъэкІуэнур зейхэр

ЩІэныгъэлІ ныбжьыщІэ Ало Астемыр

КъБР-м и ЩІалэгъуалэ Правительствэм мэкъумэш Іэнатіэмкіэ и министр, зэфІэкІ зиІэ щІалэгъуалэм защІэгъэкъуэныкІэ «УМНИК» программэм ахъщ саугъэт къыщ1ызыхьа Ало Астемыр щІэныгъэ лэжьыгъэми жылагъуэ Іуэхуми дихьэха щІалэщІэщ.

Мы ГъЭМ абы диплом плъыжькІэ къыхуащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и агроном факультетым и магистратурэр, ауэ илъэс зыбжанэ хъуауэ екъулІэныгъэхэр къыщигъэльагъуэу щолажьэ агрохимие Іэнатіэм и «Къэбэрдей-Балъкъэр» станцым. Іэщ1агъэлІкІэр бэджэндыРылажьэхэм ятеухуащ щ1ын и щ1ыпІэ-нур зыхуэдэр къапщытэ, нэгъуэщІ Іуэхутхъэбзэхэри зэфІах.

ЩІэныгъэ Іуэхум Алор къыщ1ыхэжаныкІащ лэжьыгъэ зыбжанэкІэ. Абыхэм ящ1ыщ ещанэ курсым щІэсу ар зэгъэбыдыпІа кафедрэм и гъусэу зэлэжьар, гуэдзыр бэв хъун щхьэкІэ ехьэлІапхъэ хущхъэущІэм теухуауэ (аращ «УМНИК»-м утыку къыщ1ырихьари), фошыгъум и пІэкІэ кхъбгъэсэбэп хъуну къэкІыгъэм («стевия» фІэщыгъэр зиІэм) ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІа гъэунэхуныгъэр, чэтэнудзыр (лён) ди щІыпІэхэм зэрыщІбгъэкІынур.

Іэдакъэщ1эм щІэсыху, Алом кратащ и ехьулІэныгъэхэм щ1ыхьэт техьуэ къэрал стипендие зэмылІэужьыгъуэхэр. Псальэм папщІэ, 2017 гъэм щІалэм къыхуагъэфэщащ УФ-м и Правительствэм и стипендиер, кхьІэльыкІуэ илъэсым кратащ КъБР-м и Іэтащхьэм и цІэкІэ ят стипендиер, 2019 гъэм - УФ-м и Президентым и стипендиер.

ЩІалэгъуалэ Правительствэм хьихьэн и пэ къихуэу, Астемыр жылагъуэ Іуэхухэм зэрыхуэжыджэрри къиГъэлъэгъуэну хунэсащ. КъБКъМУ-м и Студент совет тым, щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я зэгухьэныгъэм, Налшык къалэм и щІыпІэ

Мэздэгу щІалэ

Лъэныкъуэ куэдкІэ зыбжьыну ухуеймэ, ди эзманым апхуэдэ ІэмалыфІхэр щ1ыпІэ, икІи ахэр къэзыгъэсэбэп щІалэгъуалэри ди мащІэкъэм.

ХьЭРЫЛЪХУ Александр мэздэгу адыгэхэм ящ1ыщ, ауэ и унагъуэр Налшык дэсщ. ЩІалэм КъБКъУ-м дизайнымкІэ и колледжыр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр къиучхащ, ауэ зэрысабийрэ и адэм и гъусэу лъэщапІэм зэрыщІэтар къыщ1ыхьэпэжащи, илъэси 10-м щІигъуауэ езыри ГъущІэхэКІэм йолэжь.

Адыгэ Іуэхум гукІи псэкІи зэрыпэгъунэгъуращ мы щІалэм дытетхьыхьи хуей щІэхъуар. И Іэщ1агъэр къ1игъэсэбэпри, лъэпкъым хущхъэпэн Іуэхум ар и ужь ихьащ. Александр ГъущІым къыхищІыкІ лъэпкъ дамыгъэжьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Адыгэ Республикэми щ1ызэбгрыкІащ. Абазэхэ, Ерыджокъуэхэ, Сатуушыхэ, Борзхэ, МэшлІэкъуэхэ, ЦІыпІынэхэ, Пэнэфхэ, Тхъэжьаухъуэхэ, Думэнхэ, Сыжажкэхэ, ЖэнэлІхэ, Лыджыдзхэ, Мамхэгъэхэ, Къулкэ, Мамийхэ, Тхыгъэхэ, Къэрэшхэ, нэгъуэщІхэми я дамыгъэхэр абы яхуищІащ. «Дэтхэнэ дамыгъэми ущІелжьКІэ Іуэху бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ яхуэгъуэтыпхъэщ. Дамыгъэхэм зы щ1ыкІэ я1эми, ахэр зэщхькъым, «хьэл-щэн» хэха дэтхэнэми я1эщ. Ахэр щ1ыщІкІэ, зэрысхуэзфІэкІкІэ, си гуи си пси зэлъэхъэ, си деж1э а лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ я1эщ», - жеІэ щІалэм.

Шэч хэмылъу, щІэупщІэ сытым деж зиІэ Іэщ1агъэщ Александр къыхихар. Ар Сочэ, Геленджик къалэхэм ирагъэблагъэурэ щІэлэжьащ, ауэ Налшык щиІэ и лъэщапІэр нэхъыщхьэщ икІи иджыри йогупсыс адыгэ Іуэхум пэгъунэгъу хьэпшып гуэрхэр зэрищІынум.

ЩІалэм пасэу къиухауэ щытащ музыкэ школри. Гитарэ еуэныкІэ зригъэгъуэта щІэныгъэр нобэр къызідэсым зы1эщІигъэхуркъым, уеблэмэ адыгэ макъамэхэм дехьэхри, уэрэдыжьхэр къигъэщІэрэщІэжурэ жеІэ.

Александр Налшык щ1ыпсэуми, мэздэгу адыгэхэм быдэу зэрапыщІар къыхегъэщ, щІэх-щ1эхьурэ и анэшхуэм, благъэ-Іыхьлыхэм я деж мэкІуэж лъагунлъагъу. «Лъэпкъ щэнхабзэм апхуэдизу сыщІидихьэхар, мыбыкІи хуэдэу мэздэгу адыгэхэми ди хабзэжь куэд зэрытхъумар, ахэр нобэр къызідэсым къыддекІуэкІыу зэрыщІытыр арагъэнуц. Ди япэ итахэм зэфІагъэува щэнхабзэм пщІэ хуэтщІу, я щІэиныр зэхэтщІыкІыу дыпсэун хуейуэ къызолъытэ», - къыхегъэщ абы.

АЛЪХЪО Дыжьын.

Шууей ахъырзэманхэр

Тверь областым щ1ыІэ «Конаковым и щэщхэр» шы-спорт клубым иджыблагъэ щ1ыгъажэмкІэ щекІуэкІа урысейпсо чемпионатым пашэ щ1ыхъуащ Къалэ Мухьэмэд.

КИЛОМЕТРИ 160-кІэ къызэдэжэным шууеи 7 щ1ызэхьэзэхуати, кІэух Іыхьэм нэсар плІыращ. Абыхэм ящ1ыщу сыхьэт бжьыгъэ нэхъыфІ дыдэр къззыгъэлъэгъуар Къалэ Мухьэмэдщ. Ар зытеса хьэрып-адыгэ шы лъэпкъым щ1ыщ «Эльбрус» и гъуэгуанэр къызэпичащ ику иту сихьэтым километр 15,91-рэ и хуабжьагъуэ икІи 10:03:25 бжьыгъэр къигъэлъэгъуащ.

Абы дакъикъи 5-м щІигъуКІэ хьІыхьэрыхуащ Москва щ1ыщ Колодезниковэ Анастасие зытеса «Монстр» (инджылыз-къэбэрдей шы лъэпкъщ). Джатэ Щэмил зытеса адыгэш «Нарт» (шыр Сибэч Артур ейщ) ещанэ хъуащ. Хъупсыр-джэн Залым зытеса «Баркас» еплІанэщ.

Къыхэгъэщ1ыпхъэщ, мы зэпеуэм къыдэкІуэу, Къалэ Мухьэмэдрэ «Эльбрус»-рэ зыхэта дунейпсо зэхьэззхуэми ятІэ увыпІэр къызэрыщ1ахьар.



● Щіалэгъуалэ зэхьхьэхэр

«Таврида 5.0»-м КъБР-м щыщ зэчиифІэхэр хохьэ

Мы гъэм ялэу ди къэралым щокІуэкІ «Таврида 5.0» щіалэгъуалэ зэхьхьэ ин. Кърым къыщыізэрагъэпэща щэнхабзэ, гъуазджэ форумым мы зэманым и гуащіэгъэущ. Ди гуапэ зэрыхъущи, урысейпсо фестиваль-зэпеуэм хэтщ ди республикэм и ліыкіуэхэри.

МЫ МАХУЭХЭМ и чэзущ «Рэп сменэм». А зэпеуэм я зэфІэкІхэр щагъэлъэгъэну хущІокъу уэрэджЫакІуэ ныбжьыщІахэм, продюсер, битмейкер щІалэхэм, усыгъэмрэ къафэмрэ дахьэххэм (hip-hop, jazz-funk, street-style жанрхэм иту). КъинэмыщІауэ, форумым хэтщ езыхэм ятха уэрэдхэр зыгъэзэщІэж авторхэри. Апхуэдэ щІыкІэм тету зэхаша форумым екІуэлІащ щІалэгъуалэ академическэ, цІыхубэ гупхэр, уэрэд гъэзэщІэкІэ ельытауэ стиль зэмылІІэужьыгъуэхэм тет уэрэджЫакІуэ ныбжьыщІэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу «Таврида 5.0»-м хэтщ ныбжьыщІэ з эчиифІэхэу Ервас Астемыр, Атабиевэ Малика, КІэщт Лаурэ, Амщокъуэ Амырхъан, Батырбий Бэллэ, Бэрсокъуэ Диан э, Къудей Елдар сымэ. Абыхэм ябгъэдэлъ творческэ зэфІэкІхэм жанр зэмылІэужьыгъуэ куэд къызэщІауибыдэ.

Ди лъахэгъу щіалэгъуалэм дохьуэхъу урысейпсо утыкум екъулІэныгъэфІэхэр щызыІэрагъэхьэну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Гуп-гупурэ зэхощхьэхукІ

● Футбол

Ди республикэм футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм хэт командзэхэм зэхьэзэхуэм хыхьэ зэІущІэхэм и ныкъуэм нэблагъэ ирагъэкІуэкІащ. Нэхъ гурыІуэгъуэ хъуащ чемпионыгъэм хэт щІэбэныгъэ гуащІэ иригъэкІуэкІыр хуеймі.

ИУЖЬ илъэсхэм увыпІэ нэхъ лъагэ дыдэхэм хущІэкъу зэпытщ «Автозапчасть»-р. Мы гъэми апхуэдэу зэрыщытынум шэч къытриуигъэхьэркъым бахъсэндэсхэм я джэгуКІэфІым. Иджырей зэхьэзэхэм зэрыщІидзэрэ зэ закъуэращ ныбжьыщІэхэм хэщІныгъэ зэрагъуэтар.

«Автозапчасть»-м ныкъуэкъуэгъу хуэхъуну тегушхуащ мы гъэм гуп нэхъыщхьэм къыхьихьагъащІэ «Энергетик»-р. Абыи иджыри къэс зэ закъуэрэщ и хьэрхуэрэгъуэхэр щыхимыгъэщІэфар. Арщхьэкіэ прохладнэдэсхэм гъэхутэныгъэ нэс кьапэщыпІыщ - мыгувэу ахэр зэкІэлъхьэкуэу Іущіэнущ «Автозапчасть»-мрэ «Керт»-мрэ. Абыхэм къарикІуэм къигъэлъэгъуэнущ «Энергетик»-р адэкІэ зыщІэбэнну.

ПэщІэдэз джэгуГъуипщым я хьэрхуэрэгъу псори щыхэзыгъэщІа къэхъундэсхэм къыкІэлъыкІуэ зэІущІиплым насыпым и щІыб къащьхуигъэзащ. Абыхэм ящыщу 3-м «Керт»-м къыщытекІуащ икІи чемпионыгъэм мы илъэсым хущІэкъунухэм ар ящыщыжу къыщІэкІынукъым.

ФІэщщІыгъуейщ «Тэрчри» дыщэм папщІэ ныкъуэкъуэфыну. Апхуэдэ Іэмал «Автозапчасть»-м къритыну фэ теткъым.

Зэхьэзэхуэм къыщыкІэрыхуэхэри кІуэ пэтми нэхъ къыхобедгъылыкІ. Иригъэкіуэкіа джэгугъуэ 13-м ящыщу 12-м къыщытекІуауэ, кІэух увыпІэм щыт «Нартаным» куэдкІэ щхьэщыкІакъым «Родник»-мрэ «Псыкуэдымрэ». Пэжщ, 0:12-у къыхагъэщІа иужькІэ, я къару псори зэщІакъуэжри, псыкуэдзэсхэр «Къундетейм» я стадионым щефІэкІащ. Арщхьэкіэ фІэщщІыгъуейщ апхуэдэ ерыщагъэрэ зэфІэкІрэ абыхэм куэдрэ къызэкъуахьифыну.

Гъуащхьаузхэм я зэпеуэм зэхъуэкІыныгъэ къыщыхъуакъым. Абы бжьыпэр зэрыщиІыгъщ мыгъэрей зэхьэзэхуэм топ 26-рэ я хьэрхуэрэгъуэхэм щахудэзыгъэкІа, «Автозапчасть»-м и пашэ Бэчбо Мурат. Адэкіэ къыкІэлъокІуэ «Малка»-м щыджэгу Шащіэ Бесльэн.

Щыгъуаз фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и зи чэзу джэгуГъуэм къарикІуа бжьыгъэхэм: **«Малка»** (Малкэ) - **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **2:3**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **1:0**, **«Исльэмей»** (Исльэмей) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - 3:0, «Тэрч» (Тэрч) - **«Керт»** (Къэхъун) - **1:0**, **«ХьэтІохъущыкъуей»** (ХьэтІохъущыкъуей) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **3:3**, **«Налшык»** (Налшык) - **«Акъбащ»** (Акъбащ Ищъэрэ) - **3:1**, **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **«Къундетей»** (Шэджэм) - **4:3**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Нартан»** (Нартан) - **3:1**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2019 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командзэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	13	12	1	0	72-8	37
2. «Энергетик»	13	12	1	0	60-13	37
3. «Тэрч»	14	11	2	1	36-11	35
4. «Керт»	14	10	1	3	55-16	31
5. «Спартак-Д»	15	7	2	6	28-21	23
6. «ХьэтІохъущыкъуей»	15	7	1	6	34-35	23
7. «Исльэмей»	13	6	3	4	30-25	21
8. «Налшык»	14	6	3	5	33-32	21
9. «Малка»	14	6	2	6	39-34	20
10. «Нарт»	14	4	4	6	25-37	16
11. «Къундетей»	14	4	1	9	27-48	13
12. «ЛогоВАЗ»	13	4	0	9	26-38	12
13. «Акъбащ»	14	3	2	9	23-44	11
14. «Псыкуэд»	14	2	3	9	18-72	9
15. «Родник»	15	2	1	12	16-52	7
16. «Нартан»	13	1	0	12	13-49	3

Урыш Анзор БищІо Тимур

● БэнэкІэ хуит

Къэралым и чемпионатым къыщыхожанымкІ

Сочэ къалэ дэт «Айсберг» спорт уардзэунэм щекІуэкІащ Урысейм бэнэкІэ хуитымкІэ и чемпионат. Абы щыбэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэри.

ЗИ ХЬЭПЪАГЪЫР килограмм 92-м нэблагъэхэм я гупым и финал ныкъуэ зэпэщІэтыныгъэм ди лъэпкъэгъу Урыш Анзор къыхигъэщІащ иужькІэ чемпион хъуа дагъыстэн бэнакІуэ Жабраилов Алихъан. Финал щІыкІым 14:3-уэ Анзор щытекІуащ Осетие Ищхьэрэ-Аланием къикІа Нартикоев Радик икІи зэхьэзэхуэм и жэз медалыр къихьащ.

Иджыри зы жэз медаль Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуихьащ зи хьэлъагъэр килограмм 74-м нэблагъэхэм я гупым щыбанэ БищІо Тимур.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Дзюдо

Медаль псоми щыщ яІэрохьэ

Череповец къалэм мы махуэхэм щекІуэкІащ Урысейм и еджакІуэхэм дзюдомкІэ я ІХ гъэмахуэ спартакиадэ. Абы хэтащ къэралым и щіналъэ 47-м къикІа, зи ныбжьыр илъэс 14 - 16-хэм ит щіалэ, хъыджэбз щіыкІуу 270-рэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ къыхэкам зэхьэзэхуэм медаль зэмылІужьыгъуи 3 къыщихьащ.

Килограмм 81-м нэблагъэ зи хьэлъагъэхэм я зэпэщІэтыныгъэм и кІэух зэІущІэм ди республикэм щыщ Гаев Омар щефІэкІащ хэгъэрэй Неробов Марк икІи дыщэ медаль зыІэригъэхьащ.

Хъыджэбз щІыкІухэм я деж етІуанэ увыпІэр щиубыдащ Шормэн Элеонорэ (кг 40-м нэблагъэ). Зи хьэлъагъэр килограмм 48-м нэблагъэхэм я зэхьэзэхуэм жэз медалыр къыщихьащ Къанокъуэ Арианнэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● ТхылъыщІэ

«Къэгъэзэгъуэ»

Налшыкдэсхэм къинэмыщІауэ, ди къалащхьэм щыхьэщІэхэр я гуапэу здашэ «Тамерис» шахаПІэр зей Едыдж Нихьан зэрыадыгъэум щыхьэт техьуэ лэжьыгъэшхуэ ищІащ. Абы итхащ «Къэгъэзэгъуэ» зыфІища тхылъ. ГурыІуэгъуэщ Іуэхуншагъэм къызэрыхимыхар. Лъэпкъым хуиІуэтэжьи иЭт Тыркум щыпсэу адыгэхэм ятеухуауи, и сабиГъуэм къыщыщІэдзауэ игу ирибудамрэ и нэгу щІэкІамрэ итхыжащ. ДызэригъэжьэкІуэпсэжьи, ди хабзэ, ди бзэ, ди Хэку жыдигъэІэн папщІэ.

НИХЬАИ зи гугъу къытхуищІыр езым и къуажэжь Елэмэращ, Анталие кьалэм километр 200 хуэдизкІэ пэжыжьэр.

- Си къуажэ Елэмэм дэсхэм Хэкур зэрыгъэбгьнэрэ илъэси 150-м нэблагъэщ. Мы ПІалъэм къриубыдэу къуажэм зихъуэжащ, псэукІэм нэмыщІ, бзэми, хабзэми, гупсысэкІэми екъэлІауэ. Псом ящхьэращи, адыгэбзэр зэрытІэщІэхур нахуэу къэлъагъуэ хъуащ. АнэдэлъхубзэмкІэ дытхэну, деджэну, тредгъэдзэну, дгъэлэжьэну дызэрыхуимытам къытхуихьащ ар. Уэрэдхэр, джэгукІэхэр, щІагъыбзэкэр мэкІуэдыж. Аращ си къуажэ дэлъа бзэр, абы щаІуэтэж хьыбархэр, джэгукІэхэр стхыжыну ящь сыщІихьар. Илъэс 40-кІэ стхыжащ, къуажэм теухуауэ сыт зэхэсхами. Си ныбжьэгъуэхэм сытрагъэгушхуащ зэхуэсхьэсар тхылъ къыддэзгъэкІыну, - жеІэ Нихьаи.

Нихьаи и гугъу ещІ Хэкур щІабгынам, Анталие къызэрыщыувыІам, елэмэдэсхэм я ІэхущІафэм, нысашэ хьэгъуэлыгъуэр зэращІ щІыкІэм, мы къуажэм дэса лІакъуэхэм, зи лъапсэ хэкІуэдэжа унагъуэхэм (цІыхухъу зэрамыІэжьым къыхжІыу), Анталие Адыгэ Хасэ зэрыщІэуухуам, дыщегъэгъуазэ къуажэхьэм, псалъэжьхэм, псалъэ шэрыуэхэм, щІагъыбзэхэм, псалъэ щыпкъэхэм, сабий джэгукІэхэм, къэкІыгъэцІэхэм, уэрэдхэмрэ макъамэхэмрэ. Иужьрейм теухуауэ гъэщІэгъуэныщІщ къиІуэтэжыр.

Шэгудж Хьэжефэнды «пщащэхэмрэ щІалэхэмрэ кІыхьэдэфэныр хьэрэмщ», жиІэу джэгуХэм хэлъадэурэ башкІэ яхэуэу щІидзат. Арати, щагъэтащ.

1967 гъэм Нихьаи Анкарэ кьалэм пшынэ къыщищэхури, къуажэм ихьащ. Пшынэ еуэфу къуажэм дэсыжым щыщІэупщІэм, Хьэтхъуэхэ япхъу Хьэбибэ и гугъу къыхущІ. ЩІалэр а нанэм деж кІуэурэ магнитофоным тригъэтхащ адыгэ макъамэхэр. ИтІанэ езым зригъэщІащ пшынэ еуэкІэ. Апхуэдэурэ мащІэ-мащІэурэ яублэжащ пщыхьащхьэ зэхэсхэр.

Сыт мыр нэхъ къыщІыхэзгъэщхьэхуКІар? Мы ди зэманым кьафэм мыхьэнэжьхуэ зэриІэр аращ. ЩІалэгъуалэ хэхэсхэми хэкурысхэми адыгэбзэ зымыщІэ яхэтщ, ауэ къафэм димыхьэх щыІэкъым, абы зэрегъэщІыхуж ди щІэблэр. Аращ Нихьаи а зэманым игу къэкІам мыхьэнэ иІэу къыщІэслъытэр, зауэмрэ гугъуехьымрэ зигу ираруда лъэпкъым гупсэхуГъуэ къызыих адыгэ пшынэр пэбудыдьжьныр емыкІуу икІи гуэныхьу зэрыщытам и гуп умыщІыхьхи.

«Къэгъэзэгъуэ» тхылъыр кІахэ псэлъэхэмкІэ 2013 гъэм Мейкъуапэ къыщыдэкІащ. Иджы ар къэбэрдеибзэм кьригъэзэгъащ Нихьаи и ныбжьэгъу Абазэ Ибрэхьим.

Тхылъым сурэт куэд, пшынальэхэр нотэкІэ тхыжауэ итщи, Елэмэм щагъэзащІэу щыта макъамэхэр къэзыгъэщІэрэщІэжьну хуей пшынауэхэмкІэ гъэщІагъэуэн зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

МЭСЕЙ Маринэ.

ЕщанэувыпІэр къехь

Калугэ областым и Медынь къалэм дэт «Русский бой» спорт Іуэхущ1апІэм щекІуэкІащ цІыхубзхэмрэ зыхэта, универсальнэ зэуэкІэмкІэ Европэм и чемпионат.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ екІуу хэтащ Урысей ФСИН-м и Іуэхущ1апІэу КъБР-м щыІэм и «Вулкан» ОСН-м и лэжьакІуэ Къущхьэ Андемыркъан. Килограмм 75-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм абы ещанэ увыпІэр къащищихьащ.

Чемпионатым щытекІуахэм ратащ дипломхэр, медалхэмрэ фэеплъ кубокхэмрэ.

БАХЪСЭН Ланэ.

● ФщІэн папщІэ

Сом мелуани 4-м нэблагъэ

Зэратх Іэмэпсымэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, бадзэуэгъуэм и 13 - 19-хэм къриубыдэу гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэр 14.919-рэ къызэпаудащ. Псори зэхэту къуэдыуэ тралъхьащ сом мелуани 8-рэ мин 884-рэ. А махуэхэм къриубыдэу сом мелуани 3-рэ мин 886.950-рэ япшынащ, тралъхьам и процент 26,4-рэ.

КЪУЭДЫР махуэ 60-м къриубыдэу япшын хъунущ. Абы фІагъэкІамэ, Іуэхур Суд приставхэм Іэрагъэхьэ.

Административнэ къудыр хабзэм игъэува ПІалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьяр) къриубыдэу ямыпшынэ, ар хуэдитІкІэ ягъэбагъуэ е сыхьэт 50-кІэ цІыхур ягъэлажьэ. Къуэды птельрэ-птемыльрэ къыщыпщІэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru.

БАХЪСЭН Азэмэт.

● Гъуазджэм и цІыхухэр

Дуней псом щыщІэрыІуэщ тенор телъыджэ Тут Заур.

ПцІым фІым ухуишэркъым

● КъБР-м щыІэ МВД-м

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ Іэнатіэм зыхуагъэзащ мэкъумэщыщІэхэм ядэлажьэ лизинг компаниехэм я зым и ліыкІуэхэм. Щхьэусыгъуэр гъэпцІагъэкІэ сом мелуан 24-м нэблагъэ хэщІыныгъэ зэрагъуэтарщ.

АБЫХЭМ зэрыжаІамкІэ, Шэджэм районым щатха мэкъумэш промышленнэ кооперативым и унафэщІу щыта, илъэс 57-рэ зи ныбжь цІыхухъум яфІидыгъуащ лизингым къыпэкІуэу финанс бэджэнд зэгурыІуэныгъэмкІэ къаІэрыхьа ахъшэр.

Урысей МВД-м Шэджэм районым щІэ къудамэм и лэжьакІуэхэм Іуэхур щьэзхагъэкІым наІуэ къэхуащ ягъэкъуаншэм 2012 гъэм агроІуэхущІапІэм и зэІущІэм СПК-м и лэжьакІуэу щыта, илъэс 49-рэ зи ныбжь цІыхухъур унафэщІу щыхаха хуэдэу ищІащ, ауэ щыхъукІи, иужьрейм абы зыри химыщІыкІыу.

ГъэпцІакІуэм и къалэнхэр пщэрыль зыщищІам и пІэкІэ езым Іэ щІидзри, лизинг компанием зэгурыІуэныгъэ иригъэщІащ сом 23.991.733-рэ и уасэ Іэщыщхуэу 400 къищэхуну, иужькІэ зэгурыІуэныгъэ нэпцІ зэхигъэуващ нэгъэущІ Іуэхущ1апІэм лыхэкІ Іэригъэхьэну. Шэч зыхуащІым апхуэдэ хабзэншагъэкІэ ахъшэр зыкІэщІиупщІащ.

УнафэщІу щытам теухуа уголовнэ Іуэху къаІэтащ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 159-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм (гъэпцІагъэ) ипкъ иткІэ, ар илъэси 10-м нэскІэ ягъэтІысынкІэ мэхъу.

Зыгъэхьэзырар
ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эдэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэ.**



Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэныкІэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 (12+)

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **Жьэкіэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр яущащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.966 ● Заказ №651